

Bible lessons. **Lesson 48 SONS OF JACOB GRUMBLED AGAINST GOD**

Exodus: 15:22-27; 1 Cor. 10:1-6.

Memory verse: **“Do not grumble, as some of them also grumbled, and perished by the destroyer. Now all these things happened to them by the way of example.” 1 Corint. 10:10-11_a.**

ABISIRAYELI BIDODOMBERA UHORAHO.

Kuvayo 15:22-27 ; 1 Kor. 10:1-6.

Icirwa ca 77

Ijambo ryo gufata k’umutwe : « ***Kandi ntimukidodombe, nk’uko bamwe bo muri ba bandi bamugerageje bakamarwa n’umuranduzi, Ariko ivyo vyababayeko kugira ngo bitubere akarorero*** » 1 Kor.10:10-11_a.

I. Intangamarara.

Ivyirwa vyo mu muri iki gitabo vyaratweretse ingene abana ba Isirayeli bakuwe muri Egiputa n’inkomezi z’Imana. Ubu naho bari m’urugendo, bageze hakurya y’Ikiyaga gitukura m’ubugararwa. Muri iki kiyaga niho habereye ibatisimu ya mbere y’ab’Isirayeli, banywa no ku gitandara arico Kristo. Muri ubu bugararwa bahuye n’ibigeragezo bituma bidodomba cane. Bibabaza Imana. Birandikwa ngo bitubere akarorero kandi ngo uwiyumvira ko ahagaze yiyubare ntarwe. **1 Kor. 10:12**

II. Ukurura kw’amazi y’i Mara

Nyuma y’imisi itatu y’urugendo, bashika i Mara. Basanga amazi yaho arura ; atawoshobora kuyanwa. Aha hantu i Mara n’ubu ni ubugararwa nta mazi ahaboneka, hama izuba ryinshi ; umucanga waho urashushe cane. K’umusi ugira gatatu atawunyoye amazi, barananirwa. Babona ikidengeri c’amazi, ariko basanga amazi yaho ari umururazi kandi yaratera ingwara.

Ntakindi bakoze, baciye batangura kwidodombera Mose. Bati « *Turanywa iki ?* » Aca atakambira Uhoraho, nawe aramwumva amusaba kuyatereramwo igiti. Aca aba meza. Imana ni inyabwenge, ntawomenya ingene itorera inyishu ikibazo icarico cose. Ikora uko ishatswe. Kubera ubuntu bw’Imana, yaciye ibasezeranira ko niyo bayumvira ata nrwara azobateza. Umur **wa 26**. Mu mugambi w’Imana, yashaka abantu babeho batarwara, ariko kubera ivyaha ntibikunda. Tuzoraba ko aba b’ Isirayeli bayumviye koko.

Mose umuyobozi canke umuvyeyi mwiza ahuye n’ikibazo, ntagera ingere ku yindi canke ngo atwagwe n’ishavu. Arasenga agaha umwanya Imana ikaba ariyo

itanga inyishu. Bitabaye uko, haboneka amatati n'intambara bidahera kuko haba hariko harwana umubiri gusa Imana yiviriyemwo.

III. Amazi avuye mu gitandara c'i Horebu.

Soma : **Kuv. 17:1-7**. Aha bari bashitse mu bugararwa bw' i Rafidimu. Naho nyene babura amazi. Ntakindi bikozeke atari ca kirwanisho cabo co kwidodomba no kuvuga nabi. « *Duhe amazi tumywe, wadukuriye iki muri Egiputa ?* »

Mose umwizigirwa ku Mana, yabonye bageze aho bomutera amabuye, aca arapfukama arasenga. Naha nyene, Uhoraho amubwira uko abigenza. Akubita ico gitandara kivamwo amazi. Ico gitandara cari Kristo. **1 Kor. 10:4** « *Kuko banywa ku gitandara c'Impwemu cabakurikira, ico gitandara cari Kristo.* »

Muri iki gihe, Imana yasavye ko abikorera imbere y'abakuru b'imiryango kugira bagume bigishwa ko Uhoraho ariwe mushobora vyose kandi atakimunanira, nabo ngo baheze bige kumusenga no kumuhesha icubahiro mu miryango yab'Isirayeri igihe cose habaye ikibazo. Ikibabaje ni uko aribo bategura imirwi y'ubugumutsi kuri Mose no ku Mana igihe cose bari muri uru rugendo rwo mu bugararwa, bataranashika i Kanani.

Aho hantu ahita **Masa** na **Meriba** kubera imyidondombo yabo bakabaza ngo mbege Uhoraho ari muri twebwe ? ni uku nyene abenshi babaza mu gihe bageze mu kibazo.

IV. Ibimenyetso vy'abanyamyindodombo.

1. Bagira imitima ikomantaye : Ni kenshi umurwanizi ahuma amaso y'abantu, akabereka ko Imana itabakunda. Bama bashavuye mu maso yabo, bigatuma imitima yabo iba iyikomantaye. Bamana imyidondombo ya misi yose mu buzima bwabo. Baripfuzwa n'ibirengeye ubushobozi bwabo.

2. Baba intashima : Hari ubwoko bw'abantu batigera banezerezwa n'ikintu na kimwe. Bama babona ko bakenye kandi Imana yabahevye. Ntibamenya kuraba ivyo bamaze kuronka ngo babishime. (Wokwiga gushima ko wabaye mu muryango w'abana b'Imana, yaguhaye : Umugabo/Umugore ; Abana, aho kuba, Amagara meza...) Ibi vyose ni imigisha iva ku Mana ariko ntibamenya kubishima. Bahoza imyidondombo mu mitima no mu kanwa kabo. Batonganya bose. Ibi bituma umurwanizi aronka imiryango yama yinjirana kugira akomeze gutera ivyago mu buzima bwabameze batryo.

V. Gushira mu ngiro.

Hari abo inwara yo kwidodomba yamaze kuba koronike mu buzima bwabo. Abo, naho baba bafise ivyiza mu maboko, bitababuza kuboroga ngo baragowe. Baridodomba iyo babuze akazi ariko niyo bakaronse bakirirwa bidodomba. Birirwa bidoga umusi ugahera no mwijoro ntibigera banezererwa. Indirimbo zabo ni izo agahinda.

Babuze ivyo barya baridoga ariko, niyo babironse bakavyidodomberamwo. Imvura ibuze baridoga yaboneka bakidoga. Bidogera abagore babo ngo baravyibushye nabi, niyo bonze ntibibabuza kwidoga ; Batavyaye baridoga, bavyara bakidoga ngo bavyaye igitsina batashaka. Ntibagira amahoro, ntibigera bashima ikintu na kimwe. Bararushe cane.

Aba banyamidodombo babayeho mu buzima bwa kahise, nta vyizigiro vya kazozo bafise. Ushobora kuba warahaye ikibanza umyidodombo mu buzima bwawe, ivyo vyatumye Imana iba kure yawe ireka no kukwishura ku bibazo wayeretse. Uyu ni umwanya mwiza wo kuyisaba imbabazi ukavuga uti : « Mbabarira naracumuye. Noneho ndaje nzanye amashimwe kuri wewe Mana yanje. Nemeye ko unkunda. Amen